

***Pwoteje Dwate ou kom yon
Pwopriyetè Kay***
**Enfòmasyon Enpòtan Konsenan Ajistè
Asirans Piblik**

Si ou file yon reklamasyon avek konpayi asirans ou ou ap kontakte pa yon ajistè asirans. Gen diferan kalite ajistè asirans, e ou dwe asire ke ajistè asirans ki vini lakay ou lisansye pa Eta Florida anvan li antre lakay ou.

Kisa yon Ajistè Asirans ye?

Ajistè Asirans se anplwaye konpaye asirans ou a; yo pa'p chaje ou yon pri. Konpayi asirans ou a kapab itilize yon ajistè endepandan pou reprezante yo; yo pa dwe chaje ou yon pri.

Kisa se yon Ajistè Piblik?

Ajistè Piblik se ajistè asirans ki pa travay pou nenpot konpayi asirans. Yo travay direktteman avek moun asire yo. Pwopriyetè kapab siyen yon kontra ki di yo dakò pou peye Ajistè Piblik la yon pousantaj kantite ki peye a pwopriyetè a pa konpayi asirans la.

Koman Ajistè Piblik vin peye?

Anplis nan Ajistè Piblik yo gen kontra ki otorize konpayi asirans yo pou fe yon chek reklamasyon direktteman a pwopriyetè e ajistè a. Sa vle di ke ou dwe gen siyati Ajistè a anvan ou kapab itilize chek la e komanse reparasyon lakay ou.

Ajistè asirans piblik dwe lisansye pa eta Florida. Anvan ou siyen yon kontra avek yon ajistè piblik ou dwe rele **1-800-22-STORM** pou verifye ke moun k'ap fe kontra avek ou lisansye pou travay kom yon ajistè piblik. Anba lwa Florida, se yon krim serye pou aji kom ou fe moun panse ou se yon ajistè piblik san ou pa lisansye e apele. Rapòte ajistè ki pa lisansye a 1-800-22-STORM.